Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэлъапIэ Парламентым и юбилейр

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№208 (21.366) ● 2008 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 24, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Журналистхэр ягъэпажэ

Бечелов Ильяс «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI Ныбжьы Таисэ щIыхь тхылъ кърет.

● ЗэIущIэхэр

хуащIащ **Барасбиев Исмэхьил** (Налшык НОТР), **Джангуразовэ Мариям** (КЪБР-м и ТВ), **Къущхьэ Ахьмэд**(«Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК), **Мамхэгъ Аслъэн** (КЪБР-м и ТВ), **Ныбжьы Таисэ** («Адыгэ псалъэ»), **Нестеренко Михаил** («Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК), **Теммоев Мухьэдин** («Заман»), **Хьэмту Къадир** (КЪБР-м и радио), **ХьэцIыкIу Мартин** (Налшык НОТР), **Шамакинэ Светланэ** («Кабардино-Балкарская правда») сымэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замиръ.

Дыгъуасэ КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэхьыхьэм Iуэху дахэ къыщыIэтащ. Абы щагъэлъэпIащ КЪБР-м закон къыдэгъэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и лэжьыгъэхэр къызыгъэлъагъуэ, тетхыхь журналист жыджэрхэр.

КЪБР-м и Парламентыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 70 зэрырикъур гъэлъэпIэным и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и щIыхь тхылъхэмрэ сауГъэтхэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэм пэрытхэм яритащ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI **Бечелов Ильяс.**

Апхуэдэ гулъытэ гуапэ

Сурэтхэр **ЕлъкIан Артур** *трихащ.*

КъБР-м и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и УнафэщI Бечелов Ильяс

Нобэ республикэм егъэлъапIэ парламентаризэм и хабзэхэр ди щIыналъэм зэрыщыубыдэр илъэс 70, КЪБР-м и Парламентыр къызэрызэрагъэпэщэрэ илъэс 15 зэрырикъур. Ди щIыхьэм я зэIуэзэпэщытIэм, зыужьыныгъэм хуэунэтIа хабзэхэр зэхэлъхьэным, аэр гъащIэм хэпщIным хуэлэжьахэр фIыкIэ дигу къыщыгъэжьыж, а IэнатIэм нобэ пэрытхэм фIыщIэ щахуэтщI мы махуэщхуэм и мыхьэнэр нэсу зыхещIэ республикэм щыпсэу дэтхэнэми.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лэжьыгъэр зэкIэлъыгъэкIуэнымкIэ жуэгулIыныгъэ нэхъыбэ дыдэр зытешIэр, дауи, абы и Унафэщырц. Мы зэманым а къулыкъум пэрыт **Бечелов Ильяс Борис и къуэр** Къэзахъ ССР-м щыщ Джамбул областым хыхьэ Джиенбет къуажэм 1951 гъэм къыщалъхуащ, КъБКъУ-р, СССР-м и МВД-м и Академиер къиухащ.

1973 - 1975 гъэхэм дзэм къулыкуу щищIащ ротэм и командиру. 1975 - 1991 гъэхэм КъБР-м и МВД-м тезырэхэр щрагъэпшын и Iуэхущ Iэм и къулыкуу зэмылIэужьыгъуэхэр щIыгъащ, КъБР-м и МВД-м а и къудамэм и унафэщIу щытащ. 1991 гъэм и нэхъыбэ мазэм щегъэжьауэ 1992 гъэм и щыщхьэIу мазэм нэсыху КъБР-м и МВД-м къулыкур къыхэзгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщIу щытащ.

1991 - 1993 гъэхэм КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм зэпымыуэ лажьэ и комиссэм хэтащ, а комиссэм и унафэщIу щытащ, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым хэтащ. 1993 - 2001 гъэхэм Бечелов Ильяс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лыкlуэхэмкlэ и Советым и унафэщIу щытащ.

2001 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм щыщIэдзауэ 2004 гъэм и дыгъэгъазэм нэсыху КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министру лэжьащ. 2004 гъэм и щIыщIэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIщ.

И лэжьыгъэфIым папщIэ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ.

Мыгувэу хэпльэнущ

УФ-м и Къэрал Думэм и спикер Грызлов Борис жиIаш Осетие Ингушэмрэ Абхъазымрэ щрашыхьа зэгурыIуныгъэхэр ратификацIэ щIыным жэпуэгъуэм и 29-м Ищхьэр палатэр зэрыхэлъынур.

А зэгурыIуныгъэхэр теухуащ а республикIэхэм У рысейм и дзэ базэхэр къыщыхэIухыным, апхуэдэу абыхэм я гъунапкIэхэр УФ-м и зауэлIхэм яхьумэным.

Дерт иIэти…

Минеральные Воды аэропортым тельэтыкIа кхъухьльатэр зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыу а щIыпIэ дыдэм щегъыСхьыкыи хуей хъуащ и двигателым дерт зэрыIэм къыхэкIыу.

Зыми фбжь кIыхIихакъым.

Зы сыхьэт нэхъ дэмыкIыу, абы иса цIыхухэр нэгъуэщI кхъухьатэкIэ Москва и Домодедовэ аэропортым ягъэлъэтащ.

Белоруссиер мэлъаIуэ

Белоруссиер Дунейпсо валютэ фондым елъэIуащ къыдэIэпыкъуну.

Ди гъунэгъу республикэр дунейпсо финансыр кризисым и зэранкIэ гугъуехь инхэм хэхуащ. Иджы ар щогугъ щIыхуэ кIынтгу и Iуэхухэр иригъэфIэкIуэжьыну.

Украинэм щытыкIэр щымамыркъым

Дыгъуасэ Украинэм и Радэ Нэхъыщхьэм щытепсэлъыхьыни хуеящ дуней псор зэпIэзыубыда кризисым къаралыр тэмэму кIыхьэкIи папщIэ гъэкIуэнущ.

Хабзэм тету

Украинэм изгъэущI къэрал Iуэхухэмкlэ и министерствэм жиIаш Сомадзм и тенджыз Iуфхэм щаубыда «Фаиз» къхъулъым ис щIыхухэр дунейпсо хабзэхэм тету хуит къащIыжыну зэрамуралыр.

Мыбдеж яп щрагъэщынур щIыхухэм я щынагъуэшIагъэрц. Фигу къэдгъэкIыжынщ, фокIадзм и 25-м гъэрыпIэ ирагъэува кхъухьым исщ украин 17, урысей 2, Латвием щыщу зы. Сомалим и тенджыз хьунщIакIуэхэм нэхъапэми кхъухь зыкъом ябыдащ, ауэ апхуэдэ дыдэуи хуит къащIыжащ. «Фаиз» и Iуэхур кIыхьлIыхь хъуащ, абы танкхэр, зенит Iэщхэр, гранатэдхэр ишэу кьыхэрыщIэкIам кьыхэкIыу. Ар къалытэри, хьунщIакIуэхэм кхъухьр къэуТIыпщыжыным теухуауэ къагъэува уасэр драгъэуеящ.

КъещакIуэрт

Осетие Ингушэрэм - Аланием и правительствэм и унафэщым и къудэгъ Камаев Майрам яукIыну хэтащ.

Ар зэрыса автомашинэр лагъымкIэ къагъэуащ. Фбжь эмылIэужьыгъуэхэр тельу Камаев Майрам сымаджэщым щагъэгъэлъэхьащ.

ИпэIуэкIи Камаевым Iэщэкlэ теуауэ щытащ.



ХьэщIапIэ ирагъэблагъэ

АБХЪАЗ. *Ханты-Мансийск автоном округым хьыхь Мегион къалэм и администрацэм и унафэщI Кузьмин Александр я щIыналъэм щыхьэщIэну иригъэблагъащ Абхъазым и Президент Бэгъэщ Сергей.*

РЕСПУБЛИКЭМ и президентым и пресс-Iуэхущ Iапl эм къызэриТамкIэ, хьэщIэхэр щагъэгъуэзащ уэрамхэр зэгъэпэщыжыныжыным, зэIуэпэщ щIыныжыным. Ар къэкIуэжьащ Iэнатl эхэм я Iуэху зыIутым, нэгъуэщIэхэм.

Черкесск икIа хьэщIэхэм псом хуэмыдэу яфIохьэлIэмэт хуащ къалэр зэIуэпэщ щIыныжыным Армавир и опытыр.

Президентым йочэнджащ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Президент Тхьэмэфэщыпс Аслъэнджерий пэжыблагъэ яуащ Адыгейм ику ит Iэщлагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм я унафэщIхэм.*

«ЕГъЭДЖЭныГъЭ Iэнатlэм къыщежьэкI зэхъуэжьныгъэхэм япкъ иткIэ, колледжхэм-рэ училищэхэрэ еджапIэ ящIыхьэхэм хагъэхъэжьнущ. Апхуэдэ унафэ къыдэкIыу щытмэ, ар дымыгъэзащIэу хьунукъым, ау къэркIуэнуми зыри дыщыгъуазэкъым. Абы къыхэкIыу, ди Iуэху еплъыкIэхэмкIэ дызэмыхьуажэу, дызэмыч энджащ хьунукъым, иужькIэ ар Адыгейм и Къэрал Советым - Хасэм и дэпIэпкъунгъэкIэ федерал властым и пащхьэ итлъхьэн хуэдэу», - жиIащ ТхьэкIуэшынэ Аслъэнджэрий.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Аршъэкlэ Тимошенкэ Юлие и блокым зэIущIэр къызэпиудащ. Абы щыщхэм бжэкъухэм щэнтхэр ирагъэльадэри зэIуущIэр щекIуэкIыным хуея пэшым и бжэхэр ягъэбыдащ икIи зыри щIагъэхьакъым.

(ИТАР-ТАСС).

♦ Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм и махуэщ. 1948 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ. 1945 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м къару игуэтащ ООН-м и Уставым.

♦ Жэпуэгъуэм и 24 - 31-хэр Iэщэшэ зыщIыным теухуа тхьэмахуэзэхуакуц. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1978 гъэм Iэщэшэ зыщIыным теухуауэ иригъэкIуэкIа сессие щхьэхуэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ.

♦ Зыужьныгъэм теухуа информацэм и дунейпсо махуэщ (1972).

♦ Жэпуэгъуэм и 24 - 25-хэм Пекин (КНР) щекIуэкIынущ ЕСмрэ Азиемрэ я къэралхэм я Iэтащхьэмрэ я правительствэхэм я унафэщIхэмрэ (Азие-Европэ саммит) я 7-нэ зэIущIэр.

♦ Жэпуэгъуэм и 24 - 25-хэм Москва щекIуэкIынущ нэ узыфэхэм ятеухуа IX дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцIэр.

♦ Жэпуэгъуэм и 24 - 25-хэм Санкт-Петербург щекIуэкIынущ «Уэсеймрэ дуней псомрэ я лъэпкъхэм я къафэхэр» V дунейпсо щIалэгъуалэ конкурс зэIухар.

♦ Дыгъэр кIыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакьикъ 34-м, къуэкIыжьыну сыхьэт 18-рэ дакьикъ 9-м.

♦ Махуэм и кIыхьагъэр сыхьэти 10-рэ дакьикъ 35-рэ.

Плэмэтэр зыгъэхьэзырыр **ШАДЖ Мухьэмэдщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр

ХъумпIэцIэджрэ пэт бгыр къетIэщI.

Республикэм ис псоми ящIэн папщIэ

УРЫСEЙ Федерацэм и Президентым и Указым къызэрыщыгъэувам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэрагъэпэщащ Наркотикхэр хабзэм къемылэгъэныр зэблэзыгъэкIхэм ебэныныжмкIэ комиссэ. Абы и лэжьакIуэ аппарату ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм щынагъэнщагъэм пыщIа Iуэхухэмкlэ, хабзэхъумэ органхэм ядэлэжьэныжмкIэ и управленэр.

Мы комиссэм зэблегъэкI наркотикхэр, акъылыр зэпызыгъэхьэ адрей щхъухьхэр, абыхэм я пкъыгъуэхэр хабзэм къемылэгъэныр зезыгъакIуэхэм ягъэщIэтыныжмкIэ гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органу республикэм щыIэхэм, гъэзэщIакIуэ властым и щIыналъэ органхэмрэ щыпIэ самоуправленэм и органхэмрэ ирагъэкIуэкI пэжыгъэр. Комиссэм и унафэщIщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А. Б. Мы комиссэм и зэIущIэхэр кварталым зэ нэхърэ мынэхъ мащIэрэ ирагъэкIуэкI, ауэ хуей хъумэ, комиссэм и унафэщIым къызэригъэувым тету, зэIущIэхэр нэхъ пасэуи зэхуагъэс хъунущ. Наркотикхэр хабзэм къемылэгъэныр зэблэзыгъэкIхэм ебэныныжмкIэ КъБР-м и комиссэм къыпощыт кьалэн нэхъыщхьэхэмрэ абы иIэ хуитныгъэхэмрэ нэхъ убзыхуауэ щыгъуазэ зыщIыхьэрщI хъунущ «www.sovbez-kbr.ru» интернет сайтым.

Республикэм и дэтхэнэ зы цIыхуми Наркотикхэр хабзэм къемылэгъэныр зэблэзыгъэкIхэм ебэныныжмкIэ КъБР-м и комиссэм хэтхэм ебэным и щхьэкIэ захуигъазэ хъунущ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 27, Правительствэм и Унэ адресым екIуалIэу е «www.sovbez-kbr.ru» интернет сайтыр кьызэIуихыну. Апхуэдэу жэщи махуи мэлажьэ Наркотикхэр хабзэм къемылэгъэныр зэблэзыгъэкIхэм ебэныныжмкIэ комиссэм и аппаратым и (8662) 40-75-36, Урысей Федерацэм Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъныжмкIэ и федеральнэ хьэкIуэным и Управленэу КъБР-м щыIэм и (8662) 49-21-05, (800) 100-70-77 телефонхэр. Абыхэм къадэкIуэу Наркотикхэр хабзэм къемылэгъэныр зэблэзыгъэкIхэм ебэныныжмкIэ КъБР-м и комиссэм цIыхуэхэм электрон тхыгъэ ягъэхь хъунущ «ankkbr@kbrnet.ru» адресымкIэ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м *№784-рп*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ зэрыщыхъуам къыхэкIыу:

1. 2008 - 2009 гъэхэм я щIымахуэм къриубыдэу унэхэр щагъэпIыныр лъэхъэнэм 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м щIэдзэн.

2. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, гъэсныныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Уянаев К.Хь.-М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИН Андрей

Дэ махуэ къэс гу лъытэркъым ди лъахэм хабзэхэр щIыззэтезыхухуэ Iуэхущ Iапl эм и лэжьыгъэм, абы десэжащ. Ауэ нобэ дгъэтхапIэ гуфIэгъуэщхуэм - республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр илъэс 70, КъБР-м и Парламентыр къыззэрагъэпэщэрэ илъэс 15 зэрырикъур - дригъэпIэжащ абы кьыкIуа гъуэгуанэм, дигу кьигъэкIыжащ абыхэм лэжьыгъэщхуэ зэрызэфIагъэкIым.

Псом хуэмыдэу гуапэщ ди республикэм и Парламентыр къэралым и хабзэгъэув орган нэхъыщIкэм ящIыну къыззэратытэр.

Ар зэрызэфIэувам, мы зэманым абы зэфIигъэкI лэжьыгъэм теухуащ ди газетым и нобэрей къыдэкIыгъуэм и 2-3-нэ напэкIуэцIкIэм ит тхыгъэхэр.

КъБКъУ-м и махуэм и щIыхькIэ

Мы илъэсым щыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и махуэу щытыпхъэ жэпуэгъуэм и 12-р. Ар трагъуащ КъБКъУ-м и ректор Бэрбэч ХьэтIутIэ къыщалъхуа махуэм. Абы и щIыхькIэ иджыблагъэ екIуэкIа гуфIэгъуэ щIыхьым мы гъэм егжаIпэм къыщIэтIысхьа студентхэр щагъэлъэпIащ.

ПШЫХЬЫМ кьрихьэлIахэм хьуэхьу псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ КъБКъУ-м и ректор Кьарэмырзэ Барэсбий. ЕджапIэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Чым Юрий, математикэ факультетым и унафэщI Абрэдж Михаил сымэ тепсэлъыхьащ егжаIпэм и щIэныгъэ лъабжьэр гъэбыдэныгъэ, иджырей Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэр къэгъэсэбэпныжмкIэ, студентхэм щIэныгъэ куу ябгъэдэлъхьэнымкIэ Iэмалхэм.

ГуфIэгъуэ пшыхьым хиубыдэу екIуэкIащ «Виват, студент» эпеуэр. Гъэм и студент щIэ лъапIэр хуагъэфэщащ математикэ факультетым и магистратурэм и 2-нэ курсым щеджэ Гъурф Мурат. Ар университет гъащIэм жыдэкIуэ зэрыхэтым и мызакъуэуу, творческэ зэфIэкIыщхуэ зиIэ егжаIуэу кьалъытащ жюрим хэтхэм.

КъБКъУ-м и махуэр ягъэбжьыфIащ «Амикс», «Стимул», «Каллисто», «Кьафэ» ансамблхэм. Апхуэдэу спорт зэхьэзэхуэ, творческэ зэпеуэхэр екIуэкIащ. ЗэIущIэм и кIэм текIуныгъэр къэзыхьахэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ тыгъэ хуащIащ.

ДЗЭГЪАЩГЭ Азэмэт.

Гу зылъытапхъэ

Парт конференц ирагъэкIуэкI

2008 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м сыхьэт 11-м Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм (Налшык кьалэ, Щоджэнцыкlым и уэрам, 28) щекIуэкIынущ «Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и XIV конференцIэр.

Конференцым хэтыну кьеIуалIэ делегатхэмрэ хьэщIэхэмрэ ятхынущ сыхьэти 10-м щыщIэдзауэ сыхьэти 10-рэ дакьикъ 45-м нэсыху.

Пшыхьым феплъыну фыхуеймэ

Жэпуэгъуэм и 26-м ди республикэм Абхъаз филармонием и солистхэм я концерт щекIуэкIынущ. Гъуэзджэм, макъамэм дихьэх псори пшыхьым фрагъэблагъэ.

Концертыр сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 30-м щидзэнщ, ар Бгы лъагэ институтым и унэм и яп къатым щекIуэкIынущ, пщIэншэу ущIагъэхьэнщ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2009 гъэм и яп илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр. Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кIэлпIейкIи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ Iапl э псоми.

Ди индексыр 51531

Тэрч куей

Элеваторыр зэтоувэж

ТЭРЧ районым и мэкъумэшыщIэхэм апхуэдизу нартыху бэ кьахуэхъуащи, Тэрч элеваторыр кьрашалIэ гъаварэ зыхуей хуэзэгъэным щыхунэмыс щыIэщ.

ЭщIагъэлIхэм къызэралытэмкIэ, Iэпщэ кьарукIэ а лэжьыгъэм адэкIэ пэлъащIжынукъым. Апхуэдэ щытыкIэр кьалъытэри, Сербием мэкъумэш техникэ къыщIэзыгъэкI и предприятэхэм ящыщ зым гурыIуауэ щытащ нартыху эрагъэкъабзэ линэ кьыщащэхуну. А къаралым къикIа Iэщагъэлъэхэм иджы линэщIэр ягъуэр. Ар лажьэу хуэсьэжэ, сыхьэтпIм кьриубыдэу нартыху тонни 150-рэ ягъэкъэзэфIынущ, линэм трагъэкIуэда мылъкури зэман кIэщIым кьахуилэжьынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Комсомолыр илъэс 90 ирокъу

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 27-м сыхьэт 17-м УФ-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и нэхъ лагъэкIуэкIынущ Налшык къалэм и ЩIалэгъуалэм я союзым хэтхэр комсомол лэжьакIуэ цIэрыIуэу щытахэм щалIыщIэну «Комсомолырщ си гъащIэр зэпхар» пшыхьыр. Апхуэдэу Хэку зауэшхуэм хэкIуада комсомолецхэм я фэеплъым, МафIэ и мащхьэкIэ ирагъэкIуэ гъэгъакъэр тралъхьэнущ жэпуэгъуэм и 29-м сыхьэт 13-рэ дакьикъэ 30-м. А махуэдыдэм сыхьэт 16-м Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынущ комсомол лэжьакIуэ щытахэр, комсомолым и ветеранхэр зрагъэблагъэну гуфIэгъуэ зэIущIэмрэ махуэшхуэ концертырэ.

КУБАДИЕВЭ Нуржан.



Нартхэм я деж къыщежьэри...

ХЭКІУ ЗХУХЭМ я зехьэкІэм и яп нэщэнэхэм дэ дыщрокъэлІэ нарт эпосым. ПІалъэ-пІалъэкІэр нартхэр хасэм щыізхэусыр нэхъ мыхьэнэщхэр зиІэ Іуэхуэм т епсэтыхьыхьи папщІэ. Хасэм тхьэмадэ иІэжт, цІыхубз ягъаКІуэртэкъым.

Балъкъэрэм я зэхуэсхэм «тёркІэ» едкэрт. Абыхэм дзэтхэнэми и Іуэху епІыкІэр къыщиІуатэ, жэрдэмхэр къыщыхитхьэ хъурт.

Апхуэдэ зэкъуэфхэр пэпкъ нуэдым къадэтъуэрыкІуащ. Ялыныкъуэхэм я дежь абыхэм демократие хабзэхэм щырихьэлІэрт. Псалъэм и хьэтырКІэ, Смоленск, Владимир вечкэр зэхуэгъэст пщыр хахьи, я дзыхьыр зымыгъэпжар трахун папщІэ, Монгол тэтэрхэм апхуэдэ зэхуэсым щыхахауэ щыстащ дззэешІэ щІрыІуэ Чингис-хъан. Мыри гъыщІэгъуэнщ: ялыныкъуэ пэпкъхэм я апхуэдэ зэхуэсхэм къыщыпсалъэжр Іэмал имыІэу гъакъуэ пэпкъыкъуэкІэ щытын хуейт - нуэд жамыІэн папщІэ.

Ауэ ди пІалъэм къэдгъэзэжынщи, Нэгуэгу Шорэр зэриртыжкІуащ, «Хасжэм къыщащтэрт зекІуэ екъэнчи, гупым я дзэпщу щытыным теухуа унафэ».

ТхыдэкІэ щІэныгъэхэм я доктор Къэжэр Валерий къыхэригъэпъегъуэмкІэ, XVI пІэщІыгъуэм и кІэухым - XVII пІэщІыгъуэм и пэщІдзэм «пщы уэлийкэр къэбэрдей щІынапІэ псом я советым щыхахырт Инал и лІыкІуэхэм уэлинигъэр чэзуэрэ зэрахъуэжыр».

ТхыдэкІэ щІэныгъэхэм я доктор Дуэмэн Хьэсэн къелытэ «Къэбэрдейм и къэрал уэхэКІэр сыт и лъэныкъуэкІи зэгъэкІуауэ щытауэ».

Филологие щІэныгъэхэм я доктор Малкандуев Хьэмид зэриртымкІэ, тёрер щытащ Балъкъэрым и щІыхьэ форуму. Абы хэтыныхэр демократие хабзэм тету иІэсэбІ къэс зэ хахырт.

ЗэрыптІаагъущ, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я парламентаризмэм и къуэпсэр жыжьэ къыщокъуэ. Абыхэм я нэщэнэхэр идыдэрэ мэнтым хольагъуэ. Арауэ къыщыжІыныщ зи гугъу тщІы а къэрал уэхэр ди гъащІэм куууэ щыхыхьэфар.

70 Къэрал уэхуэкІэм, лъэпкъ

Дзыхь зрагъэзахэр

Къанкъул Машэ Джырандыкъуэ и къуэр



1889 гъэм Малкэ къуажэм щыщ мэкъумэшыщІэ унагъуэм кьащылъхуащ. Тэрч и Іуфэ Іус лъэпкъхэм я съезд псомэ я съезд. 1918 гъэм Тэрч область щыхубз советым хахауэ щытащ. 1919 гъэм Кавказ Ищхьэрэм щенІуэкІэ граждан зауэм жыджэру хэтащ.

1920-1923 гъэхэм Малкэ къуажэ Советым и унафэщІу щытащ. 1924-1926 гъэхэм область судым хэтащ, и унафэщІуи лэжьащ. 1926-1929 гъэхэм областым и прокурорщ. 1929 гъэм щэкІуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ 1930 гъэм гъатхэпэм и 26-м кьэсыху Малэ-Къэбэрдей окрисполкомым и унафэщІ кьулыкъыр ирихьэкІащ. 1930 гъэм гъатхэпэм къыщыщІэдзауэ 1932 гъэр кьэсыху Нагорнэ райисполкомым и Іэтащхьэу щытащ. 1932 гъэм и мазаем кьыщыщІэдзауэ 1938 гъэм и бадзэуэгъуэр кьэсыху Къэбэрдей шы завод№1-м и унафэщІу лэжьащ.

1938 гъэм бадзэуэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и унафэщІу хахащ.

1938 гъэм политикэ щхьэусыгъуэкІэ яГъэкІуэдащ. ИужькІэ, дунейм екьжауэ, хей ящыІэжащ.

Мокаев Азрэт Гонай и къуэр



1899 гъэм Балъкъэр Ипщэ къуажэм кьащылъхуащ. 1919 - 1920 гъэхэм жыджэру яхэтащ Балъкъэрым и ауэхэм хужьыдзэхэм щапэщІэтахэм. 1921 - 1929 гъэхэм щылэжьащ езыр щытхъуэ кьуажэм, ВКП(б)-м хьихьащ, парт, жылагъуэ гъащІэм жыджэру хэтащ. 1930 - 1938 гъэхэм «Балъкъэр Курыт» колхозыр кьыз эрригъэпэщащ икІи абы и унафэщІу щытащ.

1938 - 1939 гъэхэм КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым хахащ.

1939 гъэм накьыгъэм и 15-м кьыщыщІэдзауэ 1941 гъэм щышыщІэм и 27-р кьэсыху КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и унафэщІу, КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и яп зэхуэсыгъуэм и депутату щытащ. Политикэ щхьэусыгъуэкІэ яГъэкІуэдащ, иужькІэ хей ящыІэжащ, партым хагъэхьэжащ.

Ульбашев Исмэхьил Лэкъумэн и къуэр



1914 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м Кьэрэшей-къэтау кьуажэм кьыщалъхуащ. 1937 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр кьиухащ. 1939 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым щІигъэджащ. 1939 - 1941 гъэхэм комсомолым и обкомым щІэзэІуахащ. Хьэкъуэ комиссэ нэхъыщхьэ. Іэлэтым зыщыхуагъэхьэзырым белджылы кьэхъуащ унафэ зыщІ! Коммунист партым куэд зэрыхуэмыарэзыр. Я щхьэр кьаІэтат политикэ кьэрэ куэдым.

1991 гъэм щыщхьэІум кьэхъуэ Іуэхуэхэм кьару зэмылІэужьыгъуэхэр зэпэщІигъэщащ. Ар лъэхъэнэ гуГъут фракцэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ депутатхэм я дежкІи.

Республикэм и зэкъуэтыныгъэр яхьумэн папщІэ КъБР-м и Парламентыр палатитІу Республикэмкі Советэу къыщызэрагъэпэщащ. Хьэкъуэ комиссэ нэхъыщхьэ. Іэлэтым зыщыхуагъэхьэзырым белджылы кьэхъуащ унафэ зыщІ! Коммунист партым куэд зэрыхуэмыарэзыр. Я щхьэр кьаІэтат политикэ кьэрэ куэдым.

1991 гъэм щыщхьэІум кьэхъуэ Іуэхуэхэм кьару зэмылІэужьыгъуэхэр зэпэщІигъэщащ. Ар лъэхъэнэ гуГъут фракцэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ депутатхэм я дежкІи.

Республикэм и зэкъуэтыныгъэр яхьумэн папщІэ КъБР-м и Парламентыр палатитІу Республикэмкі Советэу къыщызэрагъэпэщащ. Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и УнафэщІ кьулыкъыр ирихьэкІащ. 1944 - 1955 гъэхэм Кьыргызэ ССР-м щыІэ Ивановэ исполкомым и унафэщІым и кьуэдзэу, Ивановэ районым и курыт школым и заВучу щытащ. 1955 - 1957 гъэхэм Налшык кьалэм и курыт школ №6-м и заВучу щытащ. 1957 - 1974 гъэхэм КПСС-м и Кьэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарщ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и кьудамэм и унафэщІ.

Ахъуэхъу Хьэсэнбий Късей и къуэр



1907 гъэм кьалъхуащ. 1923 гъэм ВЛКСМ-м и хьыкІащ. 1924 гъэм комсомолым и Налшык округ комитетым и инструкторщ. 1926 гъэм. 1927 гъэхэм Дон Іут Ростов бгырыс лъэпкъэхэм папщІэ дэта коммунист еджапІэ нэхъыщхьэм щеджащ. 1927 гъэм ар кьиуха ихьэ, комсомолым и Малэ-Кьэбэрдей комитетым и секретарщ. 1929 гъэм мэкъумэш лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и обкомым и унафэщІу лэжьащ.

1930 гъэм ВКП(б)-м хьыкьа Ахъуэхъу Хьэсэнбий Москва и инженер-ухуакІуэ училищэ нэхъыщхьэм, иужькІэ дзэ-инженер академие хьэм, щэтІысхьащ. 1935 гъэм и гъатхэпэм Ахъуэхъур Кьэббалькъоблисполкомым и кьудамэм, 1938 гъэм КъБАССР-м и Къэрал планым я унафэщІу яГъэкІащ.

1939 - 1940 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Цыхьэбэ Комиссарсхэм я Советым и унафэщІу лэжьащ. 1944 гъэм накьыгъэм кьыщыщІэдзауэ экпуэгъуэр кьэсыху КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и унафэщІ кьулыкъыр ирихьэкІащ. 1944 - 1948 гъэхэм Ахъуэхъу Хьэсэнбий Тамбов кьалэ исполкомымрэ облисполкомымрэ я План комиссэм и унафэщІым и кьуэдзэу, 1957 - 1965 гъэхэм Тамбов облисполкомым ерыскьы промышленностымкІэ и Іу зкуцІапІэм и унафэщІу щытащ.

Кьудей Чэрим Кьарэмырзэ и къуэр



1909 гъэм Шэджэм Езанэ кьуажэм кьыщалъхуащ. 1927 гъэм и гъатхэпэм кьыщыщІэдзауэ 1929 гъэм и щэкІуэгъуэр кьэсыху Налшык - Пятигорск шоссе гъэзгур зыуХуэхэм яхэтащ.

1932 гъэм ВКП(б)-м хьыкьащ. 1934 гъэ пщІондэ Ростов и ухуакІуэ техникумым щеджащ. 1934 - 1937 гъэхэм ухуэнэгъэм ирагъэджауэ щытхъэхъэзыр Іэнатіэхэм ухафэщІ кьулыкъуэхэр щрихьэкІащ.

1937 гъэм и фокІадэм кьыщыщІэдзауэ 1940 гъэм и фокІадэр кьэсыху КъБАССР-м щыпІэ промышленностымкІэ и нарком кьулыкъыр ирихьэкІащ. 1941 - 1942 гъэхэм КъБАССР-м и унэ управленэм и Іэтащхьэу щытащ. Промакадемие щеджащ.

1942 гъэм и мазаем кьыщыщІэдзауэ 1943 гъэм и бадзэуэгъуэр кьэсыху КПСС-м и обкомым и промышленнотранспорт кьудамэм и унафэщІу щытащ.

1944 гъэм и фокІадэм КъАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и унафэщІу хахащ икІи а Іэнатіэм 1951 гъэр кьэсыху пэрытащ.

1951 - 1959 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и ухуэнэгъэм ирахьэлІэ пкъыгъуэхэмкІэ и промышленностым и унафэщІ. 1959 гъэм Налшык и «Искож» комбинатым и Іэтащхьэу яГъэуващ.

Кьудей Чэрим Хэку зауэщхуэм жыджэру хэтащ, бийм иубыда щІыпІэм щыІа партизан зэгухьэныгъэм и комиссару щытащ, «Вагъуэ Пльыжь» орденыр, Ленин орденыр ираташ, КПСС-м и Кьэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром хэтащ.

Мэлбахьуэ Тимборэ Кьубатий и къуэр



Кьэрал, парт лэжьакІуэ щІэрыІуэ хьуа Мэлбахьуэ Тимборэ Кьубатий и къуэр 1917 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м Тэрч районым щыщ Дей кьуажэм кьыщалъхуащ. Орджоникидзе кьалэм агромелиоративнэ техникумымрэ Осетие Ищхьэрэ мэкъумэш институтымрэ кьыщихуащ. Шэшэн-Ингуш АССР-м и Кантишевскэ машинэ-трактор станцым и агроном нэхьыжьу, унафэщІу лэжьащ. 1941 - 1945 гъэхэм зэуэм щыІащ, хахуэу бийм пэщІтащ.

1945 - 1952 гъэхэм партым и Куба райкомым и яп секретарщ, КПСС-м и Кьэбэрдей-Балъкъэр обкомым и кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэу, обкомым и секретарщ, етІуанэ секретарщ лэжьащ.

1952 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и унафэщІу хахащ икІи а кьулыкъым пэрытащ 1956 гъэр кьэсыхукІэ.

1956 - 1985 гъэхэм КПСС-м и Кьэбэрдей-Балъкъэр обкомым и яп секретарщ лэжьащ.

Мэлбахьуэ Тимборэ ССР-м, Кьэбэрдей-Балъкъэрым я Совет Нэхьыщхьэм я депутату илъэс куэдкІэ щытащ. КПСС-м и Къэрал Дум и делегату, партым и ЦК-м и членэм я кандидату хахащ.

Абы Ленин орденуплы, «Вагъуэ Пльыжь» орденыр, нэгъуэщІ дамыгъэ куэд хуагъэфэщащ.

Льостэн Чэлимэт ТІутІэ и къуэр



1907 гъэм мазаем и 13-м Аушыджэр кьуажэм кьыщалъхуащ. 1932 гъэм ОсетиеИщхьэрэ мэкъумэш институтыр, 1948 гъэм КПСС-м и ЦК-м и деж щыІэ Парт школ нэхьыщхьэр кьиухащ.

1932 - 1943 гъэхэм Іэщ гъэхъуным и Іэнатіэм пэрытащ.

1943 гъэм КъБАССР-м и Наркомземым и унафэщІым и кьуэдзэу яГъэуващ, эзы илъэс дэкІри, парт кьулыкъуэр кьыхуагъэфэщащ.

1949 гъэм и щыщхьэІум кьыщыщІэдзауэ 1951 гъэм и мэлыжьхьыкІэ кьэсыху КъАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и секретарщ лэжьащ.

1951 гъэм КъАССР-м и Министрхэм я Советым и унафэщІу яГъэуващ. 1957 - 1959 гъэхэм КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и унафэщІу щытащ. 1959 гъэм кьыщыщІэдзауэ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и унафэщІым и кьуэдзэ кьулыкъыр ирихьэкІащ.

1951 гъэм КъАССР-м и Министрхэм я Советым и унафэщІу яГъэуващ. 1957 - 1959 гъэхэм КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и унафэщІу щытащ. 1959 гъэм кьыщыщІэдзауэ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и унафэщІым и кьуэдзэ кьулыкъыр ирихьэкІащ.

Льостэн Чэлимэт ТІутІэ и къуэр СССР-м, РСФСР-м, КъБАССР-м я Совет Нэхьыщхьэм я депутату хахащ, Ленин орденыр, «Вагъуэ Пльыжь» орденыр, нэгъуэщІ дамыгъэ куэди хуагъэфэщащ.

Уянаев Чомай Баттал и къуэр



1914 гъэм щышыщІэм и 20-м Къэщэнэтау кьуажэм кьыщалъхуащ. 1934 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэр педагог техникумыр кьиухащ. 1935-1940 гъэхэм Къэщкъэтау кьуажэ школым и егъэджакІуэр, директорщ, Шэджэм районым, Хьулам-Безенги районым я унафэщІу райисполкомым и унафэщІым и кьуэдзэу лэжьащ.

1940 - 1941 гъэхэм КъБАССР-м егъэджэнымкІэ и нарком и кьуэдзэщ.

1941 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1944 гъэм и гъатхэпэр кьэсыху КПСС-м и Кьэбэрдей-Балъкъэр обкомым и кьудамэм и унафэщІу, секретарым и дэІепыкьуэгъуэ лэжьащ. 1944 - 1956 гъэхэм Кьыргызэ ССР-м и Ивановэ районым кьулыкъу зыбжанэ щызэриІащ.

1957 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1959 гъэр кьэсыху КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІым и кьуэдзэ щытащ.

Уянаев Чомай РСФСР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и УнафэщІым и кьуэдзэу, ССР-м, РСФСР-м, КъБАССР-м я Совет Нэхьыщхьэхэм я депутату хахащ, КПСС-м и Кьэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром хэтащ.

Геттуев Магомет Исмэхьил и къуэр

1916 гъэм Гундэлэн кьуажэм кьыщалъхуащ.

1931 - 1936 гъэхэм Гундэ лэн кьуажэм и курыт школым и пионервожат эу, 1942 гъэр кьэсыху «Социалистическая Кабардино-Балкария» республикэ газетым и кьудамэм и унафэщІу, жэуап зыхь секретару лэжьащ, КПСС-м и Шэрдэж райкомым пропагандэмрэ агитацэмкІэ и кьудамэм и Іэтащхьэ кьулыкъыр зэрихьащ.

1942 - 1943 гъэхэм фочауэ ротэм и политрукыу командирым и кьуэдзэ у нэмыц фашистхэм япэщІэтащ.

1943 - 1945 гъэхэм дзэ уІэгъэщым и унафэщІым и кьуэдзэу щытащ.

1946 - 1961 гъэхэм Кьыргызэ, Таджик ССР-хэм, Кьэбэрдей-Балъкъэр АССР-м кьыщыщджІ область газетхэм я кьудамэхэм я унафэщІу, редакторым и кь уэдзэу лэжьащ.

1961 - 1967 гъэхэм парт лэжьыгъэм пэрытащ - КПСС-м и Кьэбэрдей-Балъкъэр обкомым пропагандэмрэ агитацмкІэ и кьудамэм и лектору, отделым и унафэщІым и кьуэдзэу щытащ.

1967 гъэм и щІышылэм кьыщыщІэдзауэ 1979 гъэм и дыгъэгъаззэр кьэсыху КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и УнафэщІ кьулыкъур зэрихьащ.

Геттуев Магомет РСФСР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и УнафэщІым и кьуэдзэ у, РСФСР-м и КъБАССР-м я Совет Нэхьыщхьэхэм я депутату хахащ. Абы фІащауэ щытащ «КъБАССР-м и цІыхубэ усакІуэ» цІэр.

Чабдаров Борис Кьасым и къуэр

1936 гъэм накьыгъэм и 9-м Кьэбэрдей-Балъкъэр АСР-м щыщ Белэ Речкэ кьуажэм кьыщалъхуащ.

1957 гъэм Караганда кьалэм и бгы техникумыр, 1984 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьиухащ.

1957 - 1962 гъэхэм Кьэзахъ ССР-м хьыхьэ Караганда областым и шахтэхэм щылэжьащ. 1962-1965 гъэхэм ВЛКСМ-м и обкомым и инструкторщ, ВЛКСМ-м и районым и секретарщ.

1970 гъэм КПСС-м и ЦК-м и деж щыІэ Ростов парт школ нэхьыщхьэр кьиухащ.

1971 - 1973 гъэхэм КПСС-м и Шэджэм райкомым и яп секретарщ. 1973 - 1979 гъэхэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІым и кьуэдзэщ.

1979 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1990 гъэр кьэсыху КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и УнафэщІу лэжьащ.

1990 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1996 гъэр кьэсыху КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и УнафэщІым и яп кьуэдзэ кьулыкъур ирихьэкІащ. Иужькі - 2001 гъэр кьэсыху - КъБР-м и Хэкажу э комиссэм и унафэщІу щытащ.

Чабдаров Борис РСФСР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым и УнафэщІым и кьуэдзэ у, РСФСР-м и КъБАССР-м я Совет Нэхьыщхьэхэм я депутату хахащ.

Кіуэкіуэ Валерий Мухьэмэд и къуэр



Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щыщ Тырныауэ кьалэм 1941 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м кьыщалъхуащ.

1959 гъэм Тэрч м экъумэш техникумыр, 1964 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и мэкъумэш факультетыр кьиухащ.

1964 - 1966 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щыщ Бахъсэн районым хьыхьэ «Трудовой юрец» колхозым и агроном нэхьыщхьэу щытащ.

1970 - 1973 гъэхэм Аруан районым щыщ «Лэскэн» совхозым и директору лэжьащ.

1973 - 1983 гъэхэм КПСС-м и Аруан райкомым и яп секретарь кьулыкъур ирихьэкІащ.

ИужькІэ мэкъумэш хозяйствэр техникэкІэ кьэзыгъэпэщыныкІэ Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал комитетым и унафэщІу щытащ. 1985 - 1990 гъэхэм КПСС-м и Кьэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарщ, яп секретарщ.

1990 - 1991 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и УнафэщІым. 1991 - 1992 гъэ хэм Кьэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІым и яп кьуэдзэщ. 1992 гъэм щышылэм и 5-м Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президенту хахащ.

1993 гъэм дыгъэгъаззэм и 12-м УФ-м и Федерацэмкі Советым и депутату хахащ. 1996 гъэм и щышылэм Федерацэмкі Советым и етІуанэ хэхьгъуэм щыщ хьуащ, Федерацэмкі Советым и УнафэщІым и кьуэдзэу хахащ.

1997 гъэм щышылэм и 12-м етІуанэу Кьэбэрдей-Балъкъэрым и Президенту хахьыкащ.

2001 гъэм гъатхэпэм и 12-м УФ-м и Президентым и унафэкІэ Къэрал Советым и Президиумым хагъэхьащ.

2002 гъэм щышылэм и 13-м аргуэру хахькащ Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президенту.

Къэрмокъуэ Хьэчим

Мухьэмэд и къуэр

Бахъсэн районым хьыхьэ Зеикьуэкъуажэм 1941 гъэм накьы-гъэм и 2-м кьыщалъхуащ.

1963 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьиухащ, экономикэ щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ.

1965 - 1966 гъэхэм «Севкавкоопстройтрестым» прораб нэхьыжьу щыІэжащ.

1966 - 1967 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакІуэу, ассистентэу щытащ. 1967 - 1970 гъэхэм Орджоникидзе Серго и цІэр зезыхьэ Москва инженер-ухуакІуэ институтым и аспирантэу щытащ.

1970 - 1971 гъэхэм СССР-м и Госстроим и деж Гражданэ ухуэнэгъэмрэ архитектурэмкІэ щыІэ къэрал комитетым щылэжьащ.

1971 - 1978 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щригъэджащ. ПІалъэ кІэщІкІэ эзгигъэуа нэужь, абы а лэжьыгъэм 1983 гъэ пщІондэ пищащ.

1983 - 1990 гъэхэм «Къэббалькъроммстрой» трестым и унафэщІым и кьуэдзэу щытащ.

1990 - 1991 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщІым и кьуэдзэщ - экономикэ и реформэмкІэ комиссэм и унафэщІу.

1991 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и УнафэщІым и кьуэдзэщ. 1991 - 1993 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Совет Нэхьыщхьэм и УнафэщІу.

1993 - 1995 гъэхэм Урысей Федерацэм и Федералыгъэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатщ. 1994 - 2000 гъэ хэм Урысей Федерацэм и Къэзыкъ палатэм и УнафэщІу.

2000 - 2001 гъэхэм Урысей Федерацэм и Къэзыкъ палат эм и УнафэщІым и чэнджэщэгъу нэхьыщхьэщ. Мы зэманым КъБР-м и лІыкІуэу УФ-м и Федералыгъэ Зэхуэсым Федерацэмкі и Советым хэтщ.

Нэхущ Заурбий Ахьмэд и къуэр

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Жанхьуэкъуэ кьуажэм 1943 гъэм накьыгъэм и 1-м кьыщалъхуащ. 1971 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьиухащ.

1971 гъэм и щыщхьэІум щыщІэдзауэ 1992 гъэр кьэсыху «Налшык» совхозым и рабочкомым и унафэщІу, парткомым и секретарщ, КПСС-м и Ленин райкомым и кьудамэм и Іэтащхьэу, КъБАССР-м и Къэрал агропромым и парткомым и секретарщ, КПСС-м и Бахъсэн райкомым и яп секретарщ, цІыхубэ депутатхэм я Бахъсэн райсоветым и унафэщІу лэжьащ.

1992 - 1993 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Премьер-министрым и кьуэдзэщ щытащ.

1993 гъэм щыщІдзэри илъэси 10-кІэ Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Республикэмкі и Советым и УнафэщІу, УФ-м Федерацэмкі и Советым хэту щытащ.

Жабоев Мыхьэмэд Назир и къуэр

1938 гъэм дыгъэ-гъаззэм и 26-м Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Белэ Речкэ жылагъуэм кьыщалъхуащ, щІэныгъэ нэхьыщхьэ иІэщ, Киев политехникэ институтыр кьиухащ.

1961 - 1970 гъэхэм ТВМК-м щылэжьащ, ВЛКСМ-м и Тырныауэ кьалэ комитетым и яп секретарщ щытащ.

1970 гъэм «Центральная» шахтэм и унафэщІу, иужькІэ «Молибден» кьыщІэхьІпэм и инженер нэхьыщхьэу яГъэуващ. 1989 - 1993 гъэх эм Тырныауэ во льфрам-молибден комбинатым техникэ Іуэхуэкмкі и директору щытащ.

1993 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1997 гъэр кьэсыху Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛІыкІуэхэмкІэ и Советым и Іэтащхьэу щытащ. 1997 - 2002 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лиценз э палатэм и унафэщІ кьулыкъур яІыгъащ.

УФ-м и Федералыгъэ Зэхуэсым Федерацэмкі и Советым хэтащ. Къэрал дамыгъэ лъапІэхэр кьратащ.

Тумонов Мурадин Хьэдис и къуэр

1949 гъэм щышылэм и 5-м Кьыргызэ ССР-м щыІэ Ош областым хьыхьэ Кенеш кьуажэм кьыщалъхуащ. Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, КПСС-м и ЦК-м и деж щыІэ парт школ нэхьыщхьэр кьиухащ.

1972 - 1977 гъэхэм Совет районым хьыхьэ «Голубое озеро» колхозым и зоотехник нэхьыщхьэу, Совет райисполкомым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и управленэм и зоотехник нэхьыщхьэу лэжьащ.

1977 - 1982 гъэхэм комсомолым и Совет райкомым и яп секретарщ.

1982 - 1986 гъэхэм КъБР-м Цыхьэбэ кІэльыплъыныгъэмкІэ и комитетым и инспекторщ, КПСС-м и Кьэбэрдей-Балъкъэр обкомым и инструкторщ. 1987 - 2001 гъэхэм КПСС-м и Совет райкомым и яп секретарщ, райисполкомым и унафэщІщ.

2001 - 2003 гъэхэм КъБР-м и Парламентым ЛІыкІуэхэмкІэ и Советым и унафэщІщ.

Нартхэм я деж къыщежьэри...

ХЭКІУ ІУ ЗХУХЭМ я зехьэкІэм и яп нэщэнэхэм дэ дыщрокъэлІэ нарт эпосым. ПІалъэ-пІалъэкІэр нартхэр хасэм щыізхэусыр нэхъ мыхьэнэщхэр зиІэ Іуэхуэм т епсэтыхьыхьи папщІэ. Хасэм тхьэмадэ иІэжт, цІыхубз ягъаКІуэртэкъым.

Балъкъэрэм я зэхуэсхэм «тёркІэ» едкэрт. Абыхэм дзэтхэнэми и Іуэху епІыкІэр къыщиІуатэ, жэрдэмхэр къыщыхитхьэ хъурт.

Апхуэдэ зэкъуэфхэр пэпкъ нуэдым къадэтъуэрыкІуащ. Ялыныкъуэхэм я деж абыхэм демократие хабзэхэм щырихьэлІэрт. Псалъэм и хьэтырКІэ, Смоленск, Владимир вечкэр зэхуэгъэст пщыр хахьи, я дзыхьыр зымыгъэпжар трахун папщІэ, Монгол тэтэрхэм апхуэдэ зэхуэсым щыхахауэ щыстащ дззэешІэ щІрыІуэ Чингис-хъан. Мыри гъыщІэгъуэнщ: ялыныкъуэ пэпкъхэм я апхуэдэ зэхуэсхэм къыщыпсалъэжр Іэмал имыІэу гъакъуэ пэпкъыкъуэкІэ щытын хуейт - нуэд жамыІэн папщІэ.

Ауэ ди пІалъэм къэдгъэзэжынщи, Нэгуэгу Шорэр зэриртыжкІуащ, «Хасжэм къыщащтэрт зекІуэ екъэнчи, гупым я дзэпщу щытыным теухуа унафэ».

ТхыдэкІэ щІэныгъэхэм я доктор Къэжэр Валерий къыхэригъэпъегъуэмкІэ, XVI пІэщІыгъуэм и кІэухым - XVII пІэщІыгъуэм и пэщІдзэм «пщы уэлийкэр къэбэрдей щІынапІэ псом я советым щыхахырт Инал и лІыкІуэхэм уэлинигъэр чэзуэрэ зэрахъуэжыр».

ТхыдэкІэ щІэныгъэхэм я доктор Дуэмэн Хьэсэн къелытэ «Къэбэрдейм и къэрал уэхэКІэр сыт и лъэныкъуэкІи зэгъэкІуауэ щытауэ».

Филологие щІэныгъэхэм я доктор Малкандуев Хьэмид зэриртымкІэ, тёрер щытащ Балъкъэрым и щІыхьэ форуму. Абы хэтыныхэр демократие хабзэм тету иІэсэбІ къэс зэ хахырт.

ЗэрыптІаагъущ, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я парламентаризмэм и къуэпсэр жыжьэ къыщокъуэ. Абыхэм я нэщэнэхэр идыдэрэ мэнтым хольагъуэ. Арауэ къыщыжІыныщи зи гугъу тщІы а къэрал уэхэр ди гъащІэм куууэ щыхыхьэфар.

Лъэбакъуэхэр

Къэралыгъуэм зуэкІуэу

